Урысей Ипщэм и лЫкIуэхэм поплъэ

2-нэ нап.

Анэдэлъхубзкlэ къоджэ Iупльапlэжь

3-нэ нап.

Къызыжкlыр къахуэ

3-нэ нап.

Дыэщхькъым, ауэ дыэхуэдэщ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№18 (24.456) ● 2023 гъэм мазаем (февралым) и 16, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

Сурэттеххэм иджы Налшык щаIуощIэ

4-нэ нап.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэм къызэритамкIэ

Гъуэгухэр зэрагъэпэщыж, еджапIэхэр ирагъэфIакIуэ

КъБР-м и Iэтащхьэр иджыблагъэ Лэскэн районым щыIащ икIи абы и щIыхь пашхэзэм яхуэзащ. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ щIыналъэм исхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэным, зэман благъэм нэхъ зэгугъун хуейхэм ехьэлIа Iуэхухэм.

«УРЫСЕЙР къыпхыкъуэкIа къэрал щIыб гугъуехьхэмрэ шынагъуэхэмрэ нэхъ лъэщ ящI, сыту жыпIэмэ къэралым лъэпкъыу исыр нэхъри нэхъ быдэу зэкъуэващ, ди фIыгъуэ, хабзэ нэхъыщхьэхэр яхьумэн папщIэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым, хэхауэ къапщтэмэ, Лэскэн районым икIа щIалэхэм я хэкур, я лъэпкъыр щIыхь пытпу яхъыумэ. Ахэр Iэмал имыIэу текIуэнущ, ди адэшхуэхэр Хэку зауэшхуэм зэрыщытекIуам икIи фашистхэр зэрызэтракъутам хуэдэ дыдэу», - зэIущIэр къыщызэIуихым жиIащ КIуэкIуэ Казбек. Республикэм и Iэтащхьэм къыхигъэщхьэхукIащ дзэм щыIэхэм я унагъуэхэм защIэгъэкъуэнэр къэрал властымрэ муниципалитетхэмрэ я лэжьыгъэм и унэтIыныгъэ пэрыту зэрыщытыр.

Лъэпкъ проектхэм я лъэныкъуэкIэ КIуэкIуэ Казбек къигъэлъэгъуащ Лэскэн районыр нэхъ пхыдзауэ зэрыщытым къыхэкIыу абыхэм жылагъуэм зегъэужьыныкIэ куэд зэрельытар. 2019 гъэ лъандэрэ муниципальнэ социальнэ Iуэхущlапlэхэм я зэфIэкIым нэрылъагъуу хэхуащ, инфраструктурэм зегъэужьыным пыщIа кьалэнхэрэм зэкIэлъыкIуэу ягъэзащIэ.

Лэскэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Инжыжокъуэ Сэфарбийм и псалъэм къыхэщащ куэдхэзэм щыIэ социальнэ Iуэхущlапlэхэм иужьрей илъэсхэм нэрылъагъуу зэрызаужьар. Ташлы-Тала, Аргудан, Лэскэн Iтlуанэ къуажэхэзэм зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэм папщIэ Iуэхущlапlэхэр къыщызэIуахащ. ЩэнхабзэмкIэ унэхэр Ташлы-Тала, Хьэтуей, Лэскэн Iтlуанэ, Урыху жылагъуэхэм къызыхуэтыншэу щызэрагъэпэщыжащ; апхуэдэ унэщIэ Ерокъуэ къуэджафэм дащIыхащ. Анзорей къуажэм гъуазджэмкIэ и сабий школыр нэгъэсауэ зыхуей хуагъэзащ, Уэзрэдж къуажэм и щэнхабзэмкIэ унэри зэгъэпэщыжьын яух. Гулъытэншэу кьагъэнакъым районым ит школ псоми я спортзалхэр. Ахэр зэрахьащ, зыхуеину спорт IэмэпсымэхэмкIэ къызэрагъэпэщащ.

Районым и жылагъуэхэм я лЫкIуэхэм щепсалъэм, КIуэкIуэ Казбек жиIащ Уэзрэдж, Лэскэн Iтlуанэ, Анзорей, Ерокъуэ, Аргудан къуажэхэм дstarт курыт еджапIэхэр зэрагъэпэщыжьыну зэрамурадыр. Апхуэдэу Аргудан, Хьэтуей, Лэскэн Iтlуанэ къуажэхэм узыншагъэр щагъэфIакIуэ спорт комплексхэр дащIыхьын папщIэ зыхуеину мыпъкъум и хэкIыпIэхэр яубзыху.

КIуэкIуэ Казбек къызэхуэсахэм ягу кьиглъэкIыжащ 2021 - 2022 гъэхэм бюджет Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм я улахуэм тIэнейрэ зэрыхагъэхьуар. УФ-м и Президент Путин Владимир и жэрдэмкIэ мы гъэм узыншагъэр хъумэныжьмкIэ пэщIэдзэ Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм ирату щIадзащ ахъшэ дэIэпыкъуегъэзащIэхэр. Республикэ бюджетым и хьакъкIэ зрагъэубгъуащ медицинэм и лэжьакIуэу зи улахуэхэр къаIэтын хуейхэм я бжыгъэм.

Лэскэн районым исхэм ящыщу кьэпсэлъаехэм къыхагъэщхьэхукIащ гъуэгухэр ухуэныжьмкIэ республикэм ехьулIэныгъэ зэрыльагъуэхэр зэращыщIэр икIи абы пыщIауэ муниципалитетым щыIэфIэгъэкIын хуейкэр. Лъэпкъ проектхэм ящхь иткIэ районым автомобиль гъуэгу километр 21-м щигъу щыIэзэрагъэпэщыжащ, километри 5,5-м уэздыгъэхэр щыфIадзащ. Къэралым щыIэкIуэ техническэ мардэхэм еэзгъэыу мы гъэм зэрагъэпэщыжьнуц Владикавказ-Ардон-Чикола-Лэскэн - Ерокъуэ- Лэскэн Iтlуанэ автомобиль гъуэгум щыщу километр 11,5-рэ, Аргудан-Аргудан Ипщэ гъуэгум щыщу километри 8,5-рэ. ЖылагъуэхэрпсыкIэ къызэрызэрагъэпэщым и гугъу щащIым нэхъ хэхауэ тепсэлъыхьащ «Псы къабзэ» федеральнэ проектым пыщIауэ зэфIагъэкIынухэм. Абы ипкъ иткIэ 2024 гъэм нэсыху районым щызэрахъуэкIынущ псы зрикIуэ бжьамийжэм ящыщу километр 88-м щигъу.

А псоми ябгъ иткIэ республикэм и унафэщIым зыхуэфащэ Iэнатlэхэм яхуигъуэ ваащ дызыхуэкIуэ зэман гъынэгъум къриубыдэу зэлэжьын хуей проектыщIэхэм егупсысыну. Абы зэIущIэм и кIэухым жиIащ Лэскэн районым исхэм я Iуэхур дагъэкIын папщIэ республикэм и унафэщI Iэнатlэхэм я дежь зыри къызэрыщамыгъэнэнур.

ЗэIущIэм иужькIэ республикэм и Iэтащхьэр Анзорей къуажэм гъуазджэмкIэ и сабий школым щыIащ. А Iуэхущlапlэм иныгъ унэм и пэщхэр псори зэхэту метр зэбгрыкъэнатlэ 1000 мэхъу. А унэр курыт еджапIэм папщIэ ящIауэ щытащ. Нэхъ иужькIэ, курыт школыщIэ къуажэм щауха ноужь, унэр гъуазджэмкIэ сабий школым иратыжащ. «Щэнхабзэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ ар 2022 гъэм зэрагъэпэщыжри сабий зэчиифIэхэр щагъэтIысхьэжащ. Иджыпсту гъуазджэмкIэ школым щыкIу 317-рэ йокIуалIэ, абыхэм еуэджакIуэу 9 ядолажьэ. А цIыху гуащIафIэхэм КIуэкIуэ Казбек фIыщIэ яхуигъэзащ ди щэнхабзэ хьугъуэфIыгъуэхэр хъумэным я къарур зэрырахъэлIэм папщIэ. Иджыпсту гъуазджэмкIэ сабий школыр зыхуеину IэмэпсымэхэмкIэ, унэлъащIэхэмкIэ къызэрагъэпэщ.

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТымрэ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

Къызэуахынущ «Iуащхьэмахуэ» университет зэгуэт

КIуэкIуэ Казбек Правительствэм и Унэм иджыблагъэ щригъэжкIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ щIыналъэм унафэр щызезыгъаКIуэ Iэнатlэхэм, егъэджэныгъэри хэту, щыщIэ Iуэху зехьэкIэхэр нэхъри егъэфIэкIуэ-ным. ЗэIущIэм и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1 Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Iуэхуэр зезыгъаКIуэ Ащхьуэт Азэмэтджэрий, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор, КъБР-м щIалэгъуалэ уэхухэмкIэ и министр Лу Азэмат, КъБР-м и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъу Миронов Николай, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм къэрал-куитыныгъэ IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщI Мэкъуауэ Аслъэн.

КIУЭКIУЭ Казбек и къэпсэлъэныгъэм къызэрыхигъэщламкIэ, щIыналъэм и Iэнатlэ псоми щегъэфIакIуэн хуейщ къэрал, щIыпIэ управленэр. Iэтащхьэм жиIащ а унэтIыныгъэмкIэ лэжьыгъэ купщIафIэ зэфIэха зэрыхьуар, ахэр я тегъэщIапIэу Iэхуэм адэкIи зэрыгъэгъэуэжьыгъэр. Абы ехьэрэ щIалуэ къызэхуэсахэр хэпльащ унэтIыныгъитIым: егъэджэныгъэ Iэнатlэхэу цIыхухэм курыт щIэныгъэ егъэгъуэтыныр программэм и лейуэ щадзлажьэхэмрэ я лэжьакIуэхэм кьахь улахуэр къызэрапщытам кърикIуахэр; Iэнатlэхэм унафэ щызезыгъакIуэ IэщlагъэлIхэм ябгъэдэлъ зэфIэкIхэм хэгъэхьуэныр.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъа Езауэ Анзор жиIащ республикэм егъэджэныгъэ Iэнатlэм щыпэрытхэм кьахь улахуэм хэпщIыкIыу зэрыхэхьуар. Дызэрыт илъэсым и щIышылэм тепщIыхьмэ, нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ егъэджакIуэхэм я лэжьапщIэр икIи ату сом мини 6,5-рэ хуэдизкIэ хэхьуащ. Апхуэдэ Iэмал къэзытар улахуэр къызэрабж мардэщIэхэм зэрытехьаращ. Абы ипкъ иткIэ, бюджет Iуэхущlапlэхэм я IэщlагъэлIхэмрэ Iэщlагъэ нэхъ зэпэуфыдахэм ирилажьэхэмрэ я улахуэм процентэ 10-кIэ хэхъуащ.

Мусуков Алий къызэхуэсахэр щыгъуэзэ хуищIащ 2023 гъэм егъэджакIуэхэм я улахуэм хагъэхъуэным хузунэтIауэ бюджетым къыхэкIыу щIыпIэхэм сом меларди 9,5-рэ зэрыхуэтIыпщам. Нэгъабэ апхуэдэ Iуэхум хуэхахуэу щытар сом меларди 7,3-рэщ. Премьер-министрыр апхуэдэу тепсэлъыхьащ а унэтIыныгъэмкIэ мы зэманым екIуэкI лэжьыгъэхэм, IэщlагъэлIхэм ятеуэху хьыбар псори зэрыт дэфтэрхэм убзыхуэIащIэ пIэнэри, абы епхауэ лэжьапщIэр нэхъ тэмэму къызэрабжыфынри къыхигъэщу.

- Ди мурадыр зыхуэгъэпсар зыщ - егъэджакIуэхэм я улахуэр адэкIи къэIэтыныр, а IэщlагъэлIхэм яхуофэщэн лэжьапщIэ етыныр, Илъэсыпlэкlэ, дэ мы зэманым кууэ дыхэтщ а лэжьыгъэм, икIи гурыIуэгъуэщ зяужь дихьа Iуэхугъуэ псори зы мазэ-маз зэрытым зэфIэха зэрымыхъунур. Егупсыу, набдзэгубдзаплъэу елэжьыпхъэщ а Iуэхум, лэжьапщIэр къыззэрабж методикэри пэжым тещIыхьауэ, ар къызыIэрыхьэ IэщlагъэлIхэр я кьалэнхэм нэхъри тригъэгухэуэу щытын хуейщ, - къыхигъэщащ абдежым КъБР-м и Iэтащхьэм. - Нэхъыщхьэращи, дэ къэдгъуэтащ а Iуэхум хухэтхын мыльку. Иджы дыкIущIэхьэн хуейщ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым егъэджакIуэхэм я улахуэм нэхъыфIу щыхагъэхьуа щIыналъэ дыщыхъуным, Урысей Федерацэр къапщтэмэ, ику итхэм зыхедгъэубыдэным.

КъБР-м и Iэтащхьэм и чэнджэщагъу Миронов Николай ЗэIущIэу тепсэлъыхьащ щIыналъэм и Iэнатlэ псоми унафэр щызезыгъакIуэ IэщlагъэлIхэм ябгъэдэлъ зэфIэкIхэм хэгъэхьуэныкIэ щыIэ елIыкIащIэм. Фигу къэдгъэкIыжынщи, а Iуэхум ДыкъБР-м и Iэтащхьэр щытепсэлъыхьащ «Мэшыкъуэ» егъэджэныгъэ центрым щыщIам щыгъуэ. Мы зэманым ириубгъэ Iуэху хабзэ и лъэныкъуэкIэ зыхуеину дэфтэр псори къызэрагъэпэщакIэщ «Iуащхьэмахуэ» фIэщыгъэр зиIэ корпоративнэ университеткъызэIуихыным, абы зэрыщрагъэджэну программэхэм я «гъуэгу картэри» хьэзырщ, лицензэхэри яIэщ. Университетым щызэхуахьэсынущ эксперт зэмылIэужьыгъуэхэм я базэ, щрагъэкIуэкIынущ къэрал, щIыпIэ унафэщIхэм я зэфIэкIхэм щыхагъэхъуэфыну семинархэр, тренингхэр, лэжьыгъэр Iуэхущlапlэхэм нэхъыфIу къызэгъэпэща зэрыщыпщI хъунуми епха нэгъуэщI егъэджэныгъэхэри щыIэнущ.

Зэхуэсым зэрыщыжаIамкIэ, ятеп егъэджэныгъэхэр «Мэшыкъуэ» центрым мэлыжьыхьым щаублэнущ. Иужькlэ ахэр ди республикэм къыщызэрагъэпэщынущ. КIуэкIуэ Казбек гу лъаригъэтащ Iуэхущlапlэхэм унафэр щызезыгъакIуэ IэщlагъэлIхэм я щIэныгъэмрэ Iуэху зехьэкIэмрэ щыхагъэхъуэфыну Iэнатlэр республикэм къыщызэIуихыным, абы зэрыщыгъэлъэгъуну хуэбжьэн зэрыхуейм.

УнэтIыныгъэ нэхъыщхьэ

Узыншагъэр хъумэныкIэ Iэнатlэм цIыхухэм ятеп медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр щагъуэт и Iуэхущlапlэхэр къэгъэщIэрэщIэжьыным хуэгъэзауэ зэфIах лэжьыгъэр къыщащIыт зэIущIэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алийрэ КъБР-м узыншагъэр хъумэныкIэ и министр Къалэбатэ Рустамрэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэм къыхигъэщащ цIыхухэм ятеп медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр щрат Iуэхущlапlэхэр къэгъэщIэрэщIэжьым программэр бзэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ унэтIыныгъэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр. 2026 гъэм нэс тещIыхьауэ зэхагъэува программэм кърикIуахэр къапщытащ. КIуэкIуэ Казбек КъБР-м и Правительствэм пщэрылъ щищIащ абы и лъэныкъуэкIэ къапэщыт къалэнхэр, лэжьыгъэр нэхъ щIагъэхуабжьэу, 2023 - 2024 гъэхэм зэфIагъэкIыну. Зи гугъу ящIахэм ящыщщ Кэнжэ, Светловодскэ, Красносельскэ, Шэрэдж Ищхьэрэ, Белая Речкэ, Къубэ-Тэбэ, Дей, Жэмтхьалэ къуажэхэм я амбулаторэ-щIэхэмрэ Звездэнэ, Октябрьскэ жылэхэм щауху ФАП-хэмрэ. «Дэтхэнэ зы объектми и проект-сметэ тхыльхэр зэхагъэуващ, УФ-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэри ди жэрдэмхэм щыдгъэгъуэзащ», - жиIащ Къалэбатэ Рустам.

2022 гъэм цIыхухэм ятеп медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр етынымкIэ программэмкIэ зэрагъэпэщыжащ районхэм щыIэ поликлиникэ къудамэу 8, Бэгулыбгъуей къуажэм - поликлиникэ, Аушыджэр жылэм амбулаторэ дащIыхьащ. Мы илъэсым къриубыдэу а программэм ипкъ иткIэ Эльбрус жылагъуэм къыщIагъэжьа участкэ сымаджэщымрэ Куба къуажэм щащхуэ амбулаторэмрэ я кIэм нагъэсынущ.

Апхуэдэу зэIущIэм щытепсэлъыхьащ районхэм щыIэ медицинэ Iуэхущlапlэхэр зыхуэныкъуэ IэщlагъэлэхэмкIэ къызэгъэпэщыныкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм. Апхуэдэу блэкIа илъэсым «Къуажэ дохутыр» программэмкIэ дохутыр 29-рэ Iэнатlэкlэ къызэрагъэпэщащ. Къуажэхэм щыIэ медицинэ Iуэхущlапlэхэм IэщlагъэлIхэр ешэлIэныжьмкIэ иджыри Iуэхугъуэ щхьэхуэхэм хоплъэ.

КIуэкIуэ Казбек къытеувыIащ узыншагъэр хъумэныкIэ Iэнатlэм и сабий Iуэхущlапlэхэм я мылъку-техникэ лъабжьэр гъэбыдэным теухуауэ ирагъэкIуэкIэмэ. Программэмкlэ ягъэзащIэ Iуэхуэхм ящыщу мыхьэнэ нэхъ зиIэу къыхигъэщащ Налшык къалэм Головком и цIэр зезыхьэ и урамым тет сабий поликлиникэ №1-м щрагъэкIуэкI зегъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэхэр. Iуэхущlапlэм щыщ щыхьыжьам и фIыгъэкIэ ар нэхъ ини хуити хъуащ, абы Iэмал къаритынущ сабийхэм хуащIэ медицинэ Iуэхутхьабзэхэр зэрыхьукIэ ирагъэфIэкIуэну. Апхуэдэу Узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр зыпкърытхэм щеIэзэ республикэ сабий клиникэ центрым щрагъэкIуэкI зегъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэхэр нагъэс. А центрым и сабий поликлиникэм, абы и къудамэу Королёвым и цIэр зезыхьэ уэрамым тетри зрагъэпэщыжьнущ. Хмельницкэм и цIэр зезыхьэ уэрамым тет поликлиникэм и сабий къудамэр нэхъапэкIэ зыхуей хуагъэзэжащ.

Республикэм и Iэтащхьэм пщэрылъ ящищIащ Узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр зыпкърытхэм щеIэзэ республикэ сабий клиникэ центрым и къудамэхэу Александровскэ, Искож хьэблэхэм щыIэхэм ятеухуауэ я мурадхэм щагъэгъуэзэну икIи район сымаджэщхэм я сабий поликлиникэхэу зегъэпэщыжьын хуейхэр къужьхэм зегъэужьыным хуэунэтIа программэм хэгъэхьэныжьмкIэ щыIэ хэкIыпIэхэр яубзыхуну.

Хуэмурэ къагъэщIэрэщIэж

КъБР-м и Iэтащхьэм иригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэ псоми жылагъуэ транспортым и Iэнатlэм зыкъегъэужьыным теухуа зэIущIэ. Абы хэтащ КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр Дышэкl Аслъэнрэ Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэ Ахъуэхъу Таймуразрэ.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ «Фlагъ лъагэ зиIэ гъуэгу шынагъуэнщэхэр» лъэпкъ проектым хыхьэ «Жылагъуэ транспортым зегъэужьын» федеральнэ проектым ипкъ иткIэ муниципальнэ транспортыр хуэмурэ къэгъэщIэрэщIэжьным ехьэлIа Iуэхугъуэхэм. Республикэм и Iэтащхьэм пщэрылъ ящищIащ щыIэ хабзэхэм тету УФ-м Транспортымкlэ и министерствэм хуагъэхьыну тхылъхэр ягъэхьэзырыну. Абы папщIэ зэхагъэуващ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэм жылагъуэ транспортыр къагъэсэбэпыныжьмкIэ хуащIэ Iуэхутхьабзэхэр щыщыгъэнэгъэ мардэ пыухыкIа.

«Фlагъ лъагэ зиIэ гъуэгу шынагъуэнщэхэр» лъэпкъ проектым хыхьэ «Жылагъуэ транспортым зегъэужьын» къэрал проектым ипкъ иткIэ ягъэзащIэну Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къалащхьэм и уэрам зыбжанэм я фIэщыгъэхэр «Урысейм и Лыхъужь» цIэ лъапIэр зыхуагъэфэщ, я кьалэн ягъэзащIэу хэкIуэда зауэлIхэм я щIыхькIэ зэрахъуэкIыну къызэрыхилъхьам.

АПХУЭДЭУ унафэ ящIащ Профсоюзнэ уэрамым пищэу, Щоджэным и цIэр зезыхьэ уэрамым къыщыщIэдзауэ «Восточный» хьэблэм нэс Урысей Федерацэм и Лыхъужь Боташев Къэнэмат Хусей и къуэм и цIэр фIащыну.

Театральнэ уэрамдзкIым, Кулиевым и проспектым къыщыщIэдзауэ Лъостэным и цIэр зезыхьэ уэрамым нэсу, иджы зэреджэнур Урысей Федерацэм и Лыхъужь Тэмазэ Тимур Мухьэмэд и къуэм и цIэкIэщ.

Центральнэ уэрамым фIащынущ Урысей Федерацэм и Лыхъужь Гаджимагомедов Нурмагомед Энгельс и къуэм и цIэр.

Унафэр зэIущIэм хэта псоми даIыгъащ. Зи гъащIэр Хэкум и шынагъуэншагъэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ папщIэ зыта лЫхъужьхьэм я цIэр щалъхуа щIыпIэм и уэрамхэм зэрыфIащыжам я фэеплъыр мыкIуэдыжьын ищIынущ, абыхэм я лЫгъэр щIэблэм я гум илъынущ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

«Псори ТекIуэныгъэм папщIэ!»

● ХъыбарегъащIэ

Апхуэдэ фIэщыгъэ зиIэ псапащIэ телемарафон КъБР-м и Музыкэ театрым мазаем и 17-м сыхьэт 14-м щыщIэдзауэ сыхьэт 18 пщIондэ щекIуэкIынущ. Iуэхур къызэригъэпэщащ Урысейпсо цIыхубэ фронтым, зауэ операцэм щыIэ щIалэхэм зэрадэIэпыкъуну ахъшэ зэхадэн папщIэ.



Мазаем и 17-м, сыхьэт 14 - 18-м.

РЕСПУБЛИКЭМ и артист цIэрыIуэхэм концерт ятынущ. Псапэ Iуэхум QR код хэхамкIэ фIыхьыну Iэмал щыIэщ. Абы хэхьэу къыхахыну ахъшэмкIэ зауэ операцэм щыIэхэм зыхуэныкъуэхэмкIэ зыщIагъэкъуэнущ. КъБР»), Къэбэрдей-Балъкъэр Марафоныр «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-мрэ («1 занщIэхэмкIэ къатынущ.

МыкIыж уIэгъэ

Советыдзэхэр Афганистаным къызэрырашыжрэ илъэс 34-рэ зэрырикъур щагъэлъапIэ махуэм Налшык и Дей хадэм ит, Афганистаным щекIуэкIа зауэм зи къалэн зыгъэзащIэу щыхэкIуэдахэм я фэеплъым деж щызэхуэсат а зауэм щыIахэр, КъБР-м Правительствэм, Парламентым, дзэ комиссариатым, хабзэхъумэ Iэнатlэхэм, ветеран, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, кадетхэмрэ юнармеецхэмрэ, къалэдэсхэр.

- Илъэс къэс мы махуэм дигу къыдогъэкIыж я къалэн ягъэзащIэу зи псэр зыта ди зауэлIхэр. Афган зауэм хэта совет сэлэтхэм ящыщу мин 15-м щигъу хэкIуэдащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым икIауэ абы щыIащ 1800-м щигъу, 54-м къагъэзэжакъым, - жиIащ Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къуэдзэ, полковник Трушин Алексей.

Къызэхуэсахэр дакъикъэкIэ щымри, фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхащ.

БАХЪСЭН Ланэ.

● ЗэІущІэхэр

Урысей Ипщэм и лІыкІуэхэм поплъэ

Мазаем и 14-м КъБР-м и Правительствэм и Укэм щекІуэкІащ «КъБР-м и муниципальнэ Іуэхущіапіэхэм я совет» ассоциацэм и зэІущІэ. Абы щытепсэлъыхьащ Май щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм зи щхьэ Іуэхукіэ зыкъыхуэзыгъэзэхэм ядэІэпыкъуным теухуауэ яхуэзфІэкІам. Ар къызэІуихащ икіи иригъэкІуэкІащ Ассоциацэм ищі унафэхэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъ Маслов Николай.

ЗэІущІэм хэтащ къэралкІуэцІ политикэмрэ щІыпІэ самоуправленэхэмкІэ КъБР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъу Храмцов Алексей, щІыпІэ администрацэхэм я лІыкІуэхэр.

Май щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм зи щхьэ Іуэхукіэ зыкъыхуэзыгъэзэхэм ядэІэпыкъуным теухуауэ яхуэзфІэкІам тепсэлъыхьащ Фомина Иннэ. Абы зэрыжиІамкІэ, иужьрей илъэсищым ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм тепщІыхьэм, 2020 гъэм Май администрацэм я щхьэ Іуэхукіэ зыкъыхуэгъэзащ щіыху 270-м, 2021 гъэм - 425-м, 2022 гъэм - 253-м. Нобэкіэ ядэІэпыкъуащ щіыху 33-м, мыдрейхэм я Іуэхуэхэм йолэжь, гулъытэншэу зыри къызэрамыгъэнэным яужь иту.

- Гу лъыстауэ къащІэкІынщ бжыгъэхэр фІыуэ зэрызэщхьэщыкІым, 2021 гъэм щіыху нэхъыбэм зэрызыкъытхуагъэзам. Ар къызэхэІар а илъэсым уз зэрыщІапІэм и зэранкІэ Іуэху къуэдкъуэгъуэ зэрыщытаррщ, 2022 гъэм лъаІуэхэм я бжыгъэр зэрехам тепщІыхьэм, дызэлэжьыр къыдохъунІэ, щіыхуэхэм я гур щІэныкъуэр зэхьдогъэкІыф, дадоІэпыкъуф, - къыхигъэщащ Фоминам.

Май щыналъэм и лІыкІуэм зэрыжиІамкІэ, щіыхуэхэм я гукъеуэхэр нэхъ зэпхар я псэукІэр егъэфІакІуэн, къуажэ, къалэ щіыхуэхэр зыхуэй хуэгъэзэн, нэхъ дзэхуэхэм мылъкукІэ защІэгъэкъуэн зэрыхуейрщ.

- Иужьрей илъэсищым дызытелажьа псоми урипІъэжмэ, ди щіыхуэхэр зэрыарэзыр, кьалэр зэрефІакІуэр, зэрыщІэращІэр нэрылъагъущ. Гу лъытапхъэщ «ВКонтакте», «Одноклассники», Телеграм сайтхэм адміни-страцэм интернет напэкІуэцІ зэрыщІэм, едгъэкІуэкІ лэжьыгъэм теухуауэ псорн абы къызэритпхъэр зэрысэбэным, - жиІащ Иннэ.

Урысейм и Ипщэ щыналъэхэм я лэжьыгъэр зыунэгІ советым и зэхуэсыр Налшык кьалэм ГъатхэпэМ и 15 - 17-хэм зэрыщІагъэкІуэкІынымрэ абы текІуэдэну мылъкымрэ тепсэлъыхьащ Маслов Николай.

- А Советым хохьэ Осетие Ищхъэрэ-Алание, Кырым, Кьалмыкъ, Ингушь, Дагъыстан, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ, Шэшэн, Къэбардей-Балъкъэр республикэхэр, Краснодар, Ставрополь крайхэр, Астрахань, Волгоград, Ростов областхэр, Севастополь кьалэр. Ар илъэс 15 хьуауэ мэлажьэ, илъэсым тІэу зэхохьэ. Ми я чэзу зэІущІэр КъБР-м и щіыхэрым щекІуэкІынущ. Абы теухуауэ къызэрагъэпэщынущ зэпсэльнэжьхэр, концертхэр, хьэщІэхэр ди щіыпІэ дахэхэм зыщедгъэплъынущ, дахуебгъэгъэнущ щіыпІэ администрацэхэм, - жиІащ Маслов-ым.

ФЫРЭ Анфисэ.

ЩІеблэ гъэса диІэн папщІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и зи чэзу зэІущІэ иригъэкІащ. Ар зытеухуауэ щытар Урысей Федерацэм и Президентым щІэблэм гъэсэныгъэ, щІэныгъэ, Іэщ1агъэ нэс етыным, узынщІу къэгъэхъуным хуэунэтІауэ илъэс кьыздэнэкІам щэкІуэгъуэм и 9-м кьыдигъэкІа унафэрщ. Абы хэтащ политикэм, щІалэгъуалэм, егъэджэныгъэм егъэщІылІа министерствэхэм, диным, спортымрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакІуэхэр, кьалэ, кьуажэ кьулыкъущІэхэр.

ЗэІущІэр къызІуихащ Жылагъуэ палатэм и унафощІ Берд Хьэзрэталий. КъекіуэлІахэр абы кьыхуриджащ, кьаІэтыну Іуэхум и мыхьэнэр кьалъытэу, я гукъеуэгъэ гупсысэмэ я жьы хуэзыгъэ хэлъу утыку кьрахьэну. Къыхихгъэщащ щІалэгъуалэм я хэкур, хабзэр, тхыдэр фІыуэ яльагъуу, пщІэ хуащІу, я кьэкІуэнум ирипІейтейуэ, жэуапІныныгъэ яхэлъу къэгъэхъуныр псом ящхьэу зэрыщытыр.

Нэхъыкьэхэм ди кьалэнщ ди быныр зыхуэдгъасэмрэ зыхуэдгъаджэмрэ я лъым хэту кьэдгъэхъуну. ИтІанэщ дэри ди сабийхэри насыпыфІэ дыщыхьэнур, кьэкІуэну дахэ щыдиІэнур.

«А псори къэпІлъытэмэ, икъукІэ игъуэу дунейм кьытехьа унафащ ди Президент Путиным кьыдигъэкІар икіи дагъуэншэу ар зэрыдгъэзащІэнум дытелажьэнырр ди кьалэнщ», - жиІащ Хьэзрэталий.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Мысост Екатеринэ зэрыжиІамкІэ, ди къэралми республикэми иужь зэманым лэжьыгъэ купщІафІэ куэд щызэфІагъэкІ щІэблэр гъэсэным, щІэныгъэм дегъэхъэхыным теухуауэ.

«Иджыри абыкІэ арэзы дыхъуу дыкъызэтеувыІэ хьунукъым, нобэкІэ школым щеджэ сабийхэмрэ адэ-анэхэмрэ сэбэп яхуэхъуу, ядэлажьэу цІыхуищэрэ пЛІыщІрэ лэжьапІэ Іэнатіэщіэ Іудгъэуващ», - жиІащ Мысостым.

«ЩІэблэ узынщэ дгІэным, щыхубэмрэ лъэпкъэмрэ зэгурыІуэным хуэлажьэ Іэнатіэхэм ди гъащІэм кьалэнышхуэ щагъэзащІэ, Президентым и унафэу а Іуэхум лъабжьэ хуэхъуар икьукІэ игъуэу кьызольытэ» , - жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъ Іуэхухэмрэ жылагъэ проектхэмкІэ и министрым и къуэдзэ Герговск Джамбулэт. Абы кьызэрыхигъащІмкІэ, гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкІэ ди хабзэм хэлъ дахагъэу хъуар дымыкьымэжмэ, ди тхыдэр зыщыдгъэгъупщэжм, зэи тхуэмыгъэзэкІуэжын щыуагъэ тІэщІэкІыну аращ.

Май районым и Жылагъуэ палатэм и унафэщІ Герасимов Светланэ ужьмэлІпІащІэ кьэна щІалэгъуалэр гульытэншэ зэрыхъуам, абы текІуэрауэ куейм щызэфІагъэкІ лэжьыгъэмкІэ хуабжьу мыарэзыкІэ тепсэлъыхьащ. Диным и лэжьакІуэхэу Сыжажэ Алимрэ Бобылев Валентинрэ Президентым и унафэм сэбэпынагъ иІэну кьызэрыгъэтпэмрэ сабийхэм, щІалэгъуалэм зэрадзэлажьэмрэ тепсэлъыхьащ.

Ижь илъэсхэм щІэблэр гъэсэным хуэунэтІауэ ящІар мащІэу, абы кьыхэкІкІэ лэжьыпхъэу кьалъытэр яубзыхуу, ди щІыпІэ Правительствэмрэ Парламентымрэ ар гъэзащІэнымкІэ зыкьыщІагъэхъуэну лъэпкІэ зыхуагъазэмэ фІэзахуэу кьыхилъхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и унафэщІм и къуэдзэ Федченко Людмилэ.

ШАФИЙ Аслъэн.

● Егъэджакіуэмрэ унэтІакіуэмрэ я илъэс

И хьэлымрэ теплъэмкІэ къыдехьэх

ЩІэблэм ядэлажьэным епха Іэщ1агъэхэр къыхэзых дэтхэнэми и гумрэ и псэмрэ я лэжьыгъэм етауэ щытын хуейщ. Егъэджакіуэм, гъэсакіуэм сабийхэм щІэныгъэ ябгъэдилъхьан ипэ кьыхуэу, ахэр и хьэлымкІэ, и теплъэмкІэ, и лэжьыгъэмкІэ къыдиихьэфын хуейщ. Апхуэдэу хьэмэ, сабийм и гур къыпхуэзІуекІри, тыншу ауэ хуэзыдий щІэныгъэм адэкІэ зэрыхуэкІуэну гъуэгур, егъэтІылъ еджэным, гъащІэм, дунейм и зэхэлъыкІэм теуха и гупсысэхэм я лъабжьэр.

НАЛШЫК дэт прогимназие №34-м гъэсакІуэу илъэс 30-м хэсауэ щылажьэ Уэзы Маринэ Щыхьымджэрий и пхъым апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІращ и гуэзугупсэлъагъуэр. Маринэ зэрыжиІамкІэ, сабий гъэсакІуэу улэжьэныр ар лэжьыгъэ къудейкъым - ар псэм и щытыкІэщ, гъащІэм и зэхэлъыкІщ. ГъэсакІуэм, унэтІакІуэм зыпэрыт Іэнатіэм хуиІэ лъагъуныгъэмрэ зыхищІэ жэуапІныныгъэмрэ куэдкІэ ельытащ абы и нэІэм щІэту кьэхъу ныбжьыщІэр адэкІэ здзынэсыфІну лъагапІэхэм, зыІэригъэхьэну текІуэныгъэхэм ящІыщ куэд. Зи псэм апхуэдэ щытыкІэ нэху иІэу лажьэ унэтІакІуэр, шэч хэмылъу, и гъэсэн щІыкІуэм ядоГуашэ и гу хуабагъэ ІмкІэ, ахэр фІым, дахагъэм къыхуриджэу.

Зыпэрыт лэжьыгъэр дапщэщи езыгъэфІакІуэ, абы еплъыкІщІэхэр хэзылъхьэ зэпытщ Уэзыр. Лэжьыгъэм и мардэр зыщІэ, зи Іэнатіэм пэжу, жэуапІныныгъэр зыхиІщІу зэпрыт Мариндж дапщэщи гупсысэ хэхэу и нэІэм щІэт сабийхэм я гупсысэхэм, зэхэщІыкІым я Гъунапкъэхэмрэзэрызыгъэжьыным. А мурадхэр кьеХъулІэн папщІэ зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ гъэсакІуэм кьеГъэсэбэн Іэмал зэмылІэужьыкІуэхэр, методикэ пэрытхэр, технологиещІэхэр. Абы и дерсхэм екІуалІэ сабийхэм яхэткъым щІэм и лъыхъуакІуэу щымыт, я ныбжьым елъытауэ зэфІэкІыфІхэр, щІэныгъэ куу къэзымыгъэлъагъуэ. А псори, дауи, кьыдэкІуащ гъэсакІуэм щІыкІуэм ядиргъэкІуэкІ лэжьыгъэ купщІафІэм.

Прогимназием и лэжьакІуэ нэхъыжьхэм ящІыщ Уэзы Маринэ бгъэдэлъ щІэныгъэмкІэ, и Іуэху зехьэкІ мардзэхэмкІэ ядогуашэ Іэнатіэм пэрыхьагъащІэ гъэсакІуэ мыхьэщІэхэм. Ар нэхъыщІэхэм я гъуэгугъэлъагъуэщ, нэхъыжьхьэм я чэнджэщэгъущ. Зыхэт гупым, Іуэхущіапіэм и унафэщІхэм, и нэІэм щІэт сабийхэм я адэ-анэхэм пщІэрэ нэмысрэ кьыхуащІ апхуэдэу псэ хьэлэту зи Іэнатіэр езыхьэкІ лэжьакІуэ гумызагъэм.

И лэжьыгъэфІым папщІэ Уэзы Маринэ мызэ-мытІуэ ягъэльэпІащ. Абы зыбжанэрэ кьыхуагъэфащащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм, зыщылажьэ прогимназием кьабгъэдэкІ щІыхь, фІыщІэ тхыльхэр, саугъэт льапІэхэр. «Си бзэ - си псэ, си дунейр» республикэпсо фестиваль-зэпеуэм нэхъыфІу кьыщІальытащ льэпкъ щІэныгъэ щІэблэм егъэгъэтыныжкІэ Уэзым иригъэкІуэкІ лажьыгъэр, абы и лъабжьэ методикэри щІыгуу. Маринэ екІуу хэтащ икіи щІэтекІуащ «Эврика» егъэджакІуэхэм я зэгухьэныгъэм кьызэрагъэпэща «ЩІы хьурейр щІыхуэм зэпеуэм. Абы щІыхьэт текІуэу щІыхь тхьІэн кьратащ. КъмнэмышІэу Уэзы Маринэ ящІыщ ФГОС-м кьигъэуВ мардзэхэр зи лъабжьэ, ныбжьыщІэхэм я зэхэщІыкІым зезыгъэужь программэхэр зэхэзылъхьэ Іэщ1агъэлІэхэм. Сабийхэр щколым хуэгъэхьэзырыным теухуауэ гъэсакІуэм зэфІихэ апхуэдэ зрагъэгъуэтыныжкІэ: дэн-бзэным, пхъэмрэ гъушІымрэ елэжьыным хуэгъэпса пэшхэр яІэнущ.

ЕджапІэм кьеГъэщІылІа гектари 4-м нэблагъэм джагуПІэхэр, зэхьэзэхуэ зэмылІэужьыгъуэхэр щрагъэжьІэкІ спорт утхэр щаухуэнущ. Апхуэдэ уэхуэнгъэ зэпщащ том 1 мелардрэ мелуан 45-рэ текІуэдэнущ. Лэжьыгъэр кьезыхьэлІэ «Строймастер» уэхуакІуэ компаниеи и унафэщІым кьызэрыкІэущамкІэ, школыр мы илъэсым и дыгъэзгъазэм ирихьэлІэу зэфІагъэкІыну щыгугъащ, арщхьэкІэ уэхуэнгъэр и чэзум щІадзэ зэрымыхъуам кьыхэкІыу, а Іуэхур яГъэІэпхъуэн куей хьащ, Іуэхур кьыззэыгъэпэщащ Къэбэрдей-Балъкъэм Уэхуэнигъэ инхэмкІэ и министерствэщ.

Мы зэманым лэжьыгъэр кьыщрахьэлІэ щІыпІэхэр зыбжанэу гуэшащ: кьэрэгъэуэгъэ ІмкІэ щІыпІэхэр, щІалэгъуалэм я Іуэхущіапіэхэм я ІэщІагъэ зэрыщІэращІэ, Іуэхущіапіэхэм я Іуэхуэхэр ящІыщ

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Анэдэлъхубзэкіэ къоджэ Іуплъапіэхэр

Шэшэн Республикэм дызэрыт илъэсыр я анэдэлъхубзэм и гъэу ирахьэкІыну кьалэн зыщаІыжащ. Шэшэныбзэмрэ урысыбзэмрэ къэралыбзэу Конституцэм зэритым ипкъ иткІэ, я лъэпкъым и щэнхабзэмрэ ар адрейхэм къаззрыщхьэщыкІымрэ щІэзыгъэбыдэ Іуэхухэр кьыдахауэ щрагъэфІакІуэр гьунэгъу республикэм. Адрей гупыж гъэщІэгъэнхэм кьадэкІуэу, Гdroзнэм шэшэныбзэкІэ узыщрихьэлІэ фІэщыгъэхэм хэт щыуагъэхэр кьыхагъэкІыж.

ТЫКУЭН дапщэ фцІыхурэ и цІэр адыгэбзэкІэ тетхауэ? Лениным и цІэр зезыхьэ уэрамым зы тетщ: «Адыгэ унэ». Зэгуэрым «Мажьэ» цІэр зэрихьэу щхьэц щеГъэщапІэ бззэрым деж щытащ. «Дыгъ» - ар сурэттех Іуэхущ1апІэщ, нобэми мэлажьэ. НэгъуэщІ фльаГъымэ, кьыджефІэ. Мыбдежым и гугъу щытщІыркъым кьэрал кІуныкъущапІэхэм я цІэхэр бзищымкІи зэратхым.

Шэшэным, кьызэрыщІэкІымкІэ, анэдэлъхубзэкІэ зи цІэр кьэзыгъэлъагъуэ цІыху зэхэзекІуапІэхэр щыкуэду аращ. Республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Дааев Хьэж-Бауди иришэжьа Іуэхущ щыуагъэ щаІэщІэкІа фІэщыгъэхэр зэрагъэззхуэжыныр.

«Гроэнэр Урысейм и къалэ псоми хуэдэу, рекламмэхэм щІигъэнащ. Абыхэм я мыхьэнэр гурыІуэгъуэщ: хьэпшІыпІр хуэныкьуэ цІыхум лъэІэсын хуейщ. Ауэ шэшэныбзэкІэ тха Іуплъапіэхэм ящыщ куэдым щыуагъэ хэтщ, кьинэмыщІауэ, мыІэмалынышэу куэд хамэбзэкІэ тратхэ».

Дэри дэнэ кьитхыну апхуэдэ жэрдэмщІакІуэ? Налшык адыгэбзэри, урысыбзэри, балъкъэрыбзэри щрагъэкІуэтэкІ инджылызыбзэкІэ фІащ тыкуэныщІэхэм. ГушыІэрей цІэрыІуэ Задорнов Михаил ауан ищу щытащ хамэбзэкІэ зи Іуплъапіэкіэ зыгъэщІэращІэхэр. Мэкъуу ар щыщыдыхьэшхэнкІэ, Налшык дауэ кьэнэжра?

Шэшэн министрым зэрыжиІэмкІэ, Іуплъапіэхэр зыгъэщІэращІэ фІэщыгъэхэм щыуагъэ къыщыхагъэкІыжыр кьэралыбзэу щыт шэшэныбзэр пэжу кьагъэщъхьэпэу ящыжьым щхьэкІэщ. «Щыуагъэхэр кьызыхэкІыр фІэщыгъэхэр шэшэн грамматикэм техуэу, макъэешэхэмрэ макъ дэкІуашэхэмрэ пэжу зэрамытхырщ. Екъуа и зэхуакум дэтын хуей-хуэмей, инкІэ ятхыпхъэ, хьэмэрэ цІыкІукІэ кьарагъажьэми хьуну? Мы а псори щызэхэзэрыхьащ Гроэнэм щыплъагъу Іуплъапіэхэм. Араущи, дэ урысыбзэр дгъэкІуэдыжу аракъым, шэшэныбзэр, ди анэдэлъхубзэр зыхуей хуэдгъаззу, ар пэжу кьагъэщхьэпэу едгъасэу аращ, - жеІэ Даавевым. - Курыплебзэм пщІэ хуэтщІу, ар нэгъэсауэ ягъэлажьэу зэрытщІыным иужь дитщ».

Шэшэнбзэм и илъэсыр гъэщІэгъуэн дыдэу йоКІуэкІ. Парккэм ярыт тхылъ дапхъэхэм мы гъэм шэшэныбзэкІэ тхылъхэр щызэІэпах: зым дельхьэ, адрейм кьыдех. Уэрамым дэт цІыхухэм анэдэлъхубзэкІэ бжыгъэхэр зэращІэм теуха флэшмоб иджыблагъэ иратгъэкІащ: журналистхэм цІыхухэр кьагъэуВыІэрэ, урысибзэкІэ бжыгъэцІэкэр жраІэт, шэшэныбзэкІэ зэрадзэкІыну ельэІухэу. Шэшэныбзэм и илъэсым иратгъэкІащ: ЛыІуплъапіэхэр зыгъэщІэращІэ фІэщыгъэхэм щыуагъэ къыщыхагъэкІыжыр къэралыбзэу щыт шэшэныбзэр пэжу кьагъэщъхьэпэу ящыжьым щхьэкІэщ. «ЦыІуагъэхэр кьызыхэкІыр фІэщыгъэхэр шэшэн грамматикэм техуэу, макъэешэхэмрэ макъ дэкІуашэхэмрэ пэжу зэрамытхырщ. Екъуа и зэхуакум дэтын хуей-хуэмей, инкІэ ятхыпхъэ, хьэмэрэ цІыкІукІэ кьарагъажьэми хьуну? Мы а псори щызэхэзэрыхьащ Гроэнэм щыплъагъу Іуплъапіэхэм. Араущи, дэ урысыбзэр дгъэкІуэдыжу аракъым, шэшэныбзэр, ди анэдэлъхубзэр зыхуей хуэдгъаззу, ар пэжу кьагъэщхьэпэу едгъасэу аращ, - жеІэ Даавевым. - Курыплебзэм пщІэ хуэтщІу, ар нэгъэсауэ ягъэлажьэу зэрытщІыным иужь дитщ».

Шэшэнбзэм и илъэсыр гъэщІэгъуэн дыдэу йоКІуэкІ. Парккэм ярыт тхылъ дапхъэхэм мы гъэм шэшэныбзэкІэ тхылъхэр щызэІэпах: зым дельхьэ, адрейм кьыдех. Уэрамым дэт цІыхухэм анэдэлъхубзэкІэ бжыгъэхэр зэращІэм теуха фл

● Гъуазджэ

Сурэттехкэм иджы Налшык щаІуощІэ

Республикэр илъэсищэ зэрырикъум и щІыхькІэ ди къалащхьэм къыщІэзрагъэпэща паркым, Налшык зегъэужьыныкІэ «Платформа» институтыр и дэІэпыкъуэгъуу, мы махуэхэм щекІуэкІащ Кавказым иджырей гъуаздджэхэмкІэ и II дунейпсо выставкэм зи лэжьыгъэхэр щызыгъэлъэгъуахэр зыхэта зэІущІэ.

ГЪУАЗДЖЭ зэхыхьэ гуапэм зыкърезыгъэхьэлІахэм яІущІащ Къэрэшей-Шэрджэсым кІэикІа сурэттеххэу Урусов Ренатрэ Адыгейм щыщ ХьутІэ Алинэрэ. Къызэхуэсахэм хьэщІэхэр яригъэщІыхуащ «Платформа» Іэхэущ Іапіэм и арт-координатор Аккизов Чэрим.

Къыжьыпхъэщ нэгъабэ Москва щекІуэкІа выставкэм художник гъэщІэгъуэн куэдым я щІэ зэригъэІуар. Иджы а гъэлъэгъуэныгъэм чэзуэ щагъэгъуазэ Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм щыпсэуэхэр. Иджыпсту Къэбэрдей-Балъкъэрым щокІуэкІ. Биенналер выставкэ къудейкъым, атІэ абы и программэм къызэщІеубыдэ зэхыхьэ яІэщащІэгъуэхэр, зи лэжьыгъэхэр гъэлъэгъуэнигъэм хагъэхьа сурэттеххэмрэ художникхэмрэ я зэІущІэхэр.

- Хуабжьу си гуапэщ биенналем зэрыпащэр. Лэжьыгъэхэр щэшэн щІыналъэм щагъэлъэгъуащ. Иджы гукъыдэж зиІэхэм Іэмал яІащ абыхэм Налшык щепІльыну, - жиІащ ХьутІэ Алинэ. - ЩІалэгъуалэр гъуазджэм зэрыдихьэхыр, абы я къалэм щыкІэлъэплъэ зэрыхъур фІыщ. Выставкэм и къызэгъэпэщакІуэхэм фІыщІэ яхузощІ, Москва и мызакъуэу, Кавказ Ищхъэрэмми Іэдакъэщіэкіхэр щызгъэлъэгъуэну Іэмал къызэрызатам папщІэ.

ХьутІэ Алинэ триха сурэтхэм лъэпкъ щэнхабзэмрэ иджырей ди гъащІэм къыхьа щІэхэмрэ зэрыщызэхихуэнар умыгъэщІэгъуэн пльэкІыркъым. Сурэттехым и лэжьыгъэхэм лъэпкъ дамыгъэхэм увыпІэфІ щаубыдащ. Урусов Ренат и «Вопреки» проектым щыщ лэжьыгъиллі выставкэм хагъэхьащ. Абы «Внутренний свет» зыфІищэ и сурэтхэм дадэрэ нанэрэ къэщ, зэм я нэхэр зэтепІауэ, зэм зэтехауэ. А лэжьыгъэхэр триухуащ и лъэпкъэгъуэхэр я щІыналъэм залымыгъэкІэ ирашауэ зэрыщытам.

- Дэтхэнэ зым ди дежкІи биенналер - ар гъуазджэм и бжэр къытхуэзІуэых зэхьихьэм и мызакъуэу, нэгъуэщІ щІыпІэхэм щыпсэуэхэм Кавказым щыщхэм къытхуаІэ щытыкІэм фІыкІэ зезыгъэхъуэжщ, - жиІащ Урусов Ренат. - Мыпхуэдэ зэІущІэм сыхэтынну си насып къыззрикъар ехъулІэныгъэу къызолъытэ. Выставкэм щагъэлъагъэ лэжьыгъэхэр Шэшэныжьрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щопсэуэхэм зэралъэгъуар, дяпэкІи нэгъуэщІ республикэхэм утыку къызэрыщрахьэнур иджырей гъуазджэм щІыналъэхэм зыщрагъэужьыным хуащІ хэлъхьэныгъэщ.

Зэхьихьэм хэтхэр тепсэлъыхьащ иджырей гъуазджэм и зыужьныгъэм, сурэт техным и щэхухэм, нэгъуэщІхэм. КъуркъэлІахэм я упщІэхэмкІэ Ренатрэ Алинэрэ зыхуаГъэзащ. Къызэхуэсахэм я нэгу зригъэужьащ уэрэджыІакІуэ Пэрыт Марат.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Бдзэпс - ПцІэпс - ЦІэпс

● Хы Іуфэ щІыпІэцІэхэр

Мыр ТІуапсы и ищхъэрэ къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ щыІэ къуажэ цыкІуащ. А цІэ дыдэр зэрехьэ абдежым блэж псы бгъунжми.

КЪУАЖЭР здэщыт щыпІэр мыхьэнэ зиІщ. Ар сыт жыфІэрэ фыщІэупщІэмэ, къалэхэу ТІуапсырэ Армавиррэ зэпызыщІэ гъущІ гъэгумрэ «Р-254» нагъыщэр зрапха автомобиль зекІуапІэу Кавказ Шытх Нэхъыщхьэм ущрихьэдзэзышымрэ абдежым зэрыблэкІырщ.

ЦІэпс зыфІаща псы цыкІур а къуажэр хыр здэщыІэ лъэныкъуэмкІэ щиух дыдэм деж ТІуапсы нэхъ псыщхуэм щыхохуэж. Езы жыпэр Краснодар къалэм ипщэ лъэныкъуэмкІэ километри 100-м нэблагъэкІэ пэжыжьащ.

Къуажэр лъэныкъуэ псомкІи уэздыгъейрэ тхьэмпэ къызыпыкІэ жыгхэмкІэ зэхэуэуна мэзхэу джабэ нэкІуэхэм зыщцызыуфэбгъуэхэмкІэ къэухъуреихьащ.

Іэхэлъапхэр зыгъэдахэ Іуащхьэ щыгуэхэм я нэхъ льагэщ (хы псыІум метр 377-кІэ щхьэщыІэтыкІауэ) Пщы-мэкъупІэ (Пшенокупа) зыфІащар.

ЦІэпс и къуэладжащхьэр псыкъелъэ зыбжанэм я хэщІапІэщ. Абыхэм къащхьэщыт лъагапІэхэм ди нобэми уащыІуощІэ испунэжьхэмрэ Урыс-Кавказ зауэм ипэкІэ адыгэхэр зыдэса къуажэ цыкІухэм я къутахуэхэмрэ.

Ипэрейуэ зи гугъу щІыпхъэу дэ къэтлъытэр, фІэщыгъэр, сэмэркъэ щыкІэрэ гушыІэ папщІэу, къызытехъуэкІауэ ягъэхъыбарыщ. Ар сыт жыфІэрэ фыщІэупщІэмэ, зы цыху гуэр, жы дыди хуэарэ къыІэщІэуэхэгъуэжауэ къыздрилъэфэкІ джэдыгуэжыр, а псы цыкІум блэкІ пэтрэ, зыщидзу псым зэрыхидзарщ. Абы иужькІэщ, гушыІэ хъыбарым «зэриуэтэжьымкІэ», а псы бгъунжым ЦІэпскІэ еджэ щыхъуар.

Арщхьэкіэ, лъахэхутэхэм я нэхъыбэм зэрытрагъэхъныхьымкІэ, псыежьхэм апхуэдэ щыкІэм тету цІэ фІащ хабзэкъым. Абы къыхэкІыуи, а фІэщыгъэр и щыпкъапІэм зэрыпэІэщІэри нэрылъагъущ.

Ауэ щыхъукІи, псым зэреджэм ехьапІауэ зи гугъу тщІы лъахэджэм Іэху епльыкІэу нэхъ трагъакІуэр ар «пцэпс» (къэбэрдей адыгэхэм «бдзэ» - «бдзэжьей» зыхужьтІэрщ) псалъэм къытехьукІагъэнкІэ зэрыхъунурщ. Аращи, фІэщыгъэм уегупсыс зэрыхъунур «бдзэкэр (бдзэжьейхэр) куэду зыхэс псы» жыхиІэущ.

2023 гъэм мазаем и 1-м ирихьэлІэу ЦІэпс (Цыпка) къуажэм цІыху 874-рэ дэсащ, абыхэм я процент 22,3-р адыгэщ.

ХЬЭТЫКЪУЭ Щауапцэ.

«Сэ тхылъ тыгъэ ныпхуэсщІынщ»

Ар зи фІэщыгъэ Іэху щрагъэжьащ Налшык къалэм и Ленинэ модельнэ библиотекэм (Кулиевым и цІэр зезыхьэ проспект, 6). Ар къызэрагъэпэщащ «Пашэхэм я зэщІэхъеенигъэ» урысейпсо зэгухэныгъэм ди щІыналъэм щиІэ къудамэм, КъБР-м ЩІалэгъуалэ ІуэхугъэмкІэ и министерствэм, Налшык къалэм и Централизованнэ библиотечнэ системэм.

ЗЭІУЩІЭМ ирагъэблагъащ КъБР-м и Парламентым егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и комитетым и унафэщІ Емуз Нинэ, КъБР-м цІыхум и хуитыныгъэр хъумэныкІэ и уполномоченнэ Зумакулов Борис, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Езауэ Анзор.

- Іуэхур зытеухуэар сабий унэхэмрэ школ-интернатхэмрэ я библиотекэхэм, сабий зеинщэхэмрэ адэ-анэхэм я нэІэм щІэмытыжу къэнахэмрэ тыгъэ хуащІыну тхылъхэр зэхуэхьэсынырщ, - жиІащ зэхьихьэр къызэзыгъэпэща «Пашэхэм я зэщІэхъеенигъэ» урысейпсо зэгухэныгъэм ди щІыналъэм щиІэ къудамэм и советым и унафэщІ Шыпш Асльэн.

Мазаем и 14-м къыщыщІэдзауэ и 17 пщІондэ Ялэ модельнэ библиотекэм тхылъэр щызэхуахьэсынущ. Іуэхум хэлъхьэныгъэ хуэзыщІыну гукъыдэж зиІэ дэтхэнэми абы тхылъ яхь хьунущ. Тхылъхэр зэрахьауэ, иужьрей илъэсипщІым къыдагъэкІауэ щытын хуейщ. Ахэр тыгъэ зыщІым зыІэрыхьэнум хуэгъэза тхыгъи щІигъужьи хуейщ.

Іуэхум хэлъхьэныгъэ хуащІащ абы ирагъэблагъэ хьэщІэхэми. Емуз Нинэ хыхьащ «Урыс цІыхубэ таурыхъхэр», «Маленький принц», «Как закалялась сталь», «А зори здесь тихие», нэгъуэщІ тхылъхэмкІэ.

- «Пашэхэм я зэщІэхъеенигъэ» зэгухэныгъэр къызэрагъэпэщауэ мэлажьэ. Абы къыхилъхьахэм ящыщщ мы Іуэху гуапэри. КупщІэ зиІэ тхылъ зыбжанэ зэхуэсхьэри, ар зыІэрыхьэну ныбжьыщІэхэм яхуэгъэза тхыгъи тестхащ, тхылъым си гъащІэм щиІэ увыпІэм теухуауэ. Іуэхуфі ирагъэжьащи, гъуэгу махуэ! - жиІащ Емуз Нинэ.

Езауэ Анзор Гамзатов Расул и «Берегите друзей», апхуэдэуи «Сказки Ганса Христиана Андерсена» тхылъхэр тыгъэ яхуищІащ икІи и псалъэм ящыщ лъэпкъ проектхэм я фІыгъэкІэ библиотекэхэр зэрырагъэфІэкІуар.

Зумакулов Борис и псалъэр триухуащ иужьрей илъэсхэм Интернетым хъыбарыщІэхэм куэду уэзрыщрихьэлІэм, СССР-м и зэманым тхылъыр нэхъ саугъэтыфІу къалъытэу, тхылъ нэхъыбэ щеджэхэм ди къэралыр ящыщу зэрыщытам. Абы тхылъэпщІ ныбжьыщІэхэм тыгъэ яхуищІащ икІи жиІащ Іуэху гуапэм фІэфІу зэрыхэтыр, апхуэдэ зэхьихьэхэр тхылъым и пщІэр къаІэтыжьым хуэщІхьэпэну зэрыщыгугъыр.

БЖЬЫХЪЭЛІ Розэ.

● Ахъшэ хъумапІэр - мэкъумэшым

«Мэрем ІэфІыр» лъэмыж кІэщІщ

Урысейм и Мэкъумэш банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм «Мэрем Іэфі» зыфІищу 2022 гъэм иригъэкІуэкІа жармыкІэ зэхьихьэу 39-м республикэм и Іэщыхъуэхэмрэ щІым телэжьыхьхэмрэ къагъэхьэрычэтам ящыщу сом мин 350-рэ и уасэ щащащ.

ФЕРМЕРХЭМ я Іэдакъэщіэкіхэр зыхуейм лъагъэІэсыныжьмкІэ нэхъ гъуэгу кІэщІ дыдэу къалъыта Іэху щхьэпэр щызэхашащ сату щІыпІэу ахъшэ хъумапІэм иІэ псоми. Гукъинэжрэ нэжэгужэу яубла зэхьихьэхэм, жыджэрагъэ ин къагъэлъагъуэу, хэтащ республикэм мэкъумэшэхкІым щелэжь Іэхуущапіэхэм ящыщу 32-рэ.

«Мэрем Іэфі» жармыкІэхэр щрагъэкІуэкІа зэманым кІуриубыдэу, ахъшэ хъумапІэм и щІыналъэ кІудамэм Іэху ядэзыщІэ псоми хуитыныгъэ яІащ фермерхэм я гъэшхэкІым, къагъэкІа хадэхэкІымрэ кІрахьэлІэжа пхъэщхьэмыщхьэмрэ Іэфіагъ-дыджагъ и лъэныкъуэкІэ зыхуэдэр, я пІэ имыкІыу, абдеж дыдэм щІэзэгъэкІыныжьмкІэ, хуей хъуамэ, къащІэкунур зэуІуу уасэ «дзейкІэ» щызыІэрагъэхьэныжьмкІэ. КъинэмыщІауэ, а жармыкІэхэм хэтахэм хуитыныгъэ яІащ хадэгъэкІхэмрэ Іэщыхъуэхэмрэ нэхъ яфІагъэщІэгъуэн Іэхугъэхэм я теухуауэ елэсэлъыпІэну, зыхуей упщІэхэмкІэ зыхуагъэзэну.

«Ди лэжьакІуэхэр тепсэлъыхьащ фермерхэм я Іэдакъэщіэкіхэр Урысей мэкъумэш банкым «Своё Родное» зыфІища и маркетплейсымкІэ зыІэрыбгъэхьэныжьмкІи Іэмал зэрыщыІэм. Абы щхьэкІэ узыхуейри мащІэ гуэрщ: Интернетым уиухьэу, зи цІэ къитІуа маркетплейсым и напэкІуэцІыр (приложенэр) къыщыззІупхыу, абы зыщебгъэтхьырщ», - игъэбелджылащ ахъшэ хъумапІэм и щІыналъэ кІудамэм и унафэщІ Сокъур Алим.

2000 гъэм къызэрагъэпэща Урысейм и Мэкъумэш банк акционер зэгухэныгъэр (АО-р) мы зэманым къэралым и ахъшэ хъумапІэ нэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщщ. Мэкъумэш Іэнатіэм пыщІэхэм ахъшэкІэ зэрадэІэпыкъуэн сэбэпышхэщ, зэрыщыту къатщтэмэ, къэралыр губгъуэ лэжьыгъэхэм щекъулІэныжьмкІэ, ерыскъы и лъэныкъуэкІэ зыкъызэригъэпэщыжьныжьмкІэ.

«Мыдрейуэ, къыхэдгъэщынщи, худачых щІыкІэу щІыхьэ зэрырат программэр гъэззщІэныжьмкІэ ахъшэ хъумапІэм илэжьыр хуэмыщхьэпэнкІэ Іэмал зимыІэщ мэкъумэшым елэжь Іэхуущапіэхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэхэмрэ зыкъажьныжьмкІэ, я пщэ далъхьэжа къалэнхэр и чэзум ягъэзэщІэныжьмкІэ, - къыщІигъуащ и псалъэм Сокъур Алим.

ЛУЦЭ СултІан.

Дызэщхькъым, ауэ дызэхуэдэщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щокІуэкІ «Дызэщхькъым, ауэ дызэхуэдэщ» щІыналъэ проектыр. Ар ятещІыхьащ зи ныбжьыр илъэси 10 - 16 хъу ныбжьыщІэхэу зи узынщагъэмкІэ гуныкъуэгъуэ зэпсыр тым дегъэзхьэхыным, гъащІэм хэгъэззгъэным. ЩІалэгъуалэм я Іуэхугъэмкіэ Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэм щекІуэкІа щІалэгъуалэ зэпеуэм зэрыщыт грантым и къыщыхьащ проектым.

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм егъэщІылІауэ лажьэ, мэзым хэт еджапІэ-зыгъэпсэхупІэм щекІуэкІащ проектым хэт ныбжьыщІэхэм я гупсысэм, Іэпкъпъэпкъым зэрызиужьым, творческэ зэфІэкІхэм хэзыгъаХуэу джэгукІэ зэмылІэужьыгъуэхэр. Ныбжьыщ1эхэм ягу ирихьащ «Скрэббл» кроссворд джэгукІэр. Апхуэдэуи, ахэр я зэфІэкІ щеплъыжащ сурэт щІыным, пластилиным теплъэхэр къыхэщІыкІыным.

- Мыпхуэдэ дерсхэр зэрысэбэпыр нэрылъагъущ - сурэт щІынымрэ пластилинкІэ лэжьэныжьмрэ сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ я Іэпкъпъэпкъ цІыкІум зрегъэужь, апщІондэхункІи гупсысэу йоса, я бзэр нэхъ къеуТІыпщ. Къапщтэмэ, сабий дырийпсырийхэри абы нэхъ трегъэсабыр, - жиІащ проектыр къызэзыгъэпэща Ауаз Астемыр.

Мэзым хэт еджапІэ-зыгъэпсэхупІэм и гъэсэнхэмрэ республикэм и курыт еджапІэхэм щІэсхэмрэ хэтащ «Ладья» шахматашакэ клубым къыщызэрагъэпэща зэпеуэм. Абы щызэхьэзэхуащ сабий, ныбжьыщІэ 65-рэ. КъыхэжаныкІахэм хуагъэфэщащ КъБР-м Шахматхэмрэ шашкэхэмкІэ и федерацэм и щІыхь тхылъхэр, тыгъэхэр.

- Шахмат зэпеуэр ди проектым къызэрыгъэпэщ Іэхухэм я курыхьу жыпІэ хъунущ. Абы увыпІэ гуэр къыщызымыхьа яхэткъым. Дэ дызэгугъур зи узынщагъэм мащІэу хуримыкъуэкІэ адрей я ныбжьэгъу щІыкІуэм зэрахъуэгъэр, абыхэм яхуэзфІэкІыр зэрахъуэгъэкъарууныр зыхедгъэщІэнымрэ я фІэщ тщІыныжьмрэщ, - жиІащ Иуазым.

Проектым и кІэухыу, абы хэтхэр Гуэл ЩхъуантІэхэм зыплъыхьакІуэ яшэнущ.

ГЪУЭТ Синэ.

Лыгъэм и дерс

КъБР-м щыІэ Урысей гвардием и управленэм и лэжьакІуэ, полицэм и майор Лыкъуэжь Маринэ Налшык къалэ дэт курыт еджапІэ №19-м и школакІуэхэм ядригъэкІуэкІащ Лыгъэм и дерс. Ар хуэгъэпсат «Эльбрус» СОБР-м и тхыдэм.

ШКОЛАКІУЭХЭМ къащІащ гупыр къызэрызэрагъэпэщар, я гъащІэм емыблэжу абы хэтхэм къулыкъур зэрыраХьэкІыр, апхуэдэуи еплъащ «Эльбрус»-м и лэжьыгъэм теухуа фильм кІэщІ.

- Си зэхуэзэм и мурад нэхъыщхьэщ къытщІэхъуэ щІэблэм лыгъэр, къалэныр, щІыхьымрэ хахуагъэмрэ зищысыр ягъэщІэныр, ветеранхэм, Хэкур зыхъумахэм, хэкІуэда лыхьужьхэм я фэеплъым пщІэ хуэщІын зэрыхуейр ягурыгъэІуэныр, - жиІащ Лыкъуэжьым.

Школым и унафэщІхэмрэ еджакІуэхэмрэ офицерым фІыщІэ хуащІащ зэІущІэ щхьэпэм икІи гъэщІэгъуэным щхьэкІэ.

УАРДЭ Жантинэ.

Сабийхэр фэбжьым щахъумэ

Шэджэм район администрацэм и актовэ пэшым Къэрал автоинспекцэм и лэжьакІуэхэмрэ щІыпІэ администрацэм и унафэщІым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкІэ управленэм и унафэщІ Іэрыпщэ Жаннэрэ щахуэзащ Шэджэм къалэм и курыт еджапІэ №№21, 5-хэм, Шэджэм ЕтІуанэ къуажэм и курыт еджапІэ №23-м, Щхьэлыкъуэ къуажэм дэт курыт еджапІэ №1-м, Нартан щыІэ школ-интернат №25-м я унафэщІхэм.

КъыІэзэхуэсахэр тепсэлъыхьащ щІыналъэм сабийхэм гъуэгу-транспорт фэбжьэр щамыгъэтынкІэ къызэгъэпэщыным хуэгъэзауэ зэрызэдэлэжьэнум, ЮИД зэщІэхъеенигъэм зегъэужьын зэрыхуейм.

Зэ1ущІэр Іуэху гуапэкІэ иухащ. Автоинспекцэм и лэжьакІуэхэмрэ Іэрыпщэ Жаннэрэ школхэм я унафэщІхэм щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр ирата щ сабийхэр гъуэгутранспорт фэбжьхэм щыхъумэн Іуэхухэр къызэгъэпэщынымрэ егъэкІуэкІынымрэ зэрыхэтым папщІэ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Маринэ (*унафэщІ-редактор*), Ширдий Маринэ (*унафэщІ-редактор*), Къаншокъуэ Эллэ (*жэуап зыхь секретарь*), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Асльэн, Нэщіэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэз.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19;
унафэщІ-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33;
жэуап зыхь секретарым - 42-22-82;
секретариатым - 42-22-66.

КъыдэзыгъэкІэхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ятхащ
ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.669
Заказыр №304
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъэмкІэ ахэр зытехэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэз зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ я пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ**, *корректорхэу* **Щ1ощ1эн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.)*, **Щ1ощ1эн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатІимэ**.
КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ**.
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.